

JAM'IYAH THORIQOH ANNAQSYABANDIYAH
ALMUJADDADIYAH ALKHOLIDIYAH PUSAT SOKARAJA
Alamat: Jln. Imam Bonjol 404 Telp. 0281-7911114
SOKARAJA PURWOKERTO 53181

باب الصلاة

حقيقتها شرعاً: أقوال غالباً، وأفعال ولو قلبية مفتوحة بالتكبير المقترن بالنية، مختتمة بالتسليم على وجه مخصوص، وهي أربعة أنواع: فرض عين بالشرع، وفرض عين بالنذر، وفرض كفاية، وسنة. فالفرض العيني بالشرع خمس صلوات في كل يوم وليلة. وهي: الظهر، والعصر، والمغرب، والعشاء، والصبح لا غير. ووجوبها معلوم من الدين بالضرورة، فيكفر جاحدها. وفرضت ليلة المعراج في السماء، وهذه الصلوات تفرقت في الأنبياء، فالفجر لآدم، والظهر لإبراهيم، والعصر لسليمان، والمغرب لعيسى: ركعتين عن نفسه، وركعة عن أمه، والعشاء خصت به هذه الأمة. وقيل: الظهر لداود، والمغرب ليعقوب، والعشاء ليونس، وقيل: لموسى، والأصح أن العشاء من خصوصيتها كما نقله الشيرازي عن ابن قاسم. والفرض بالنذر هو ما يوجبه المكلف على نفسه بالنذر من النوافل، ويسلك بالنذر مسلك واجب الشرع في العزائم: كوجوب فعله دون الرخص كالقصر والجمع. وفرض الكفاية هو صلاة الجنازة. والسنة هي النوافل الآتي بيانها.

BAB: SOLAT

Hakikatipun solat ing dalem menggah Syara' inggih punika: Pinten-pinten pengucap (ing dalem kaprahipun) lan pinten-pinten pendamelan (senajan bangsa ati) ingkang pun wiwiti mawi takbir ingkang dipun sarengaken kelawan niyat, tur dipun tutup mawi salam kanthi wajah tertentu.

Solat punika wonten sekawan werni: Solat Fardu 'Ain Sebab Syar'i; Solat Fardu 'Ain Sebab Nadzar; Solat Fardlu Kifayah; Lan Solat Sunah.

Solat fardu 'ain sebab syar'i inggih punika solat gangsal wekdal saben dinten lan ndalu, rupinipun solat dzuhur, ashar, maghrib, isya, lan subuh. Mboten wonten sanesi pun. Wajibipun solat gangsal punika kinaweruhan saking agama kanthi genah mlénah, maka kafir hukumipun tiang ingkang ngangasi/mbangkang. Solat gangsal puniko dipun farduaken wekdal ndalunipun mi'roj wonten langit, lan solat gangsal punika kabagekaken dumateng para nabi, solat subuh kagem Nabi Adam, solat dzuhur kagem Nabi Ibrahim, solat 'ashar kagem Nabi Sulaiman, solat maghrib kagem Nabi Isa (kalih rakaat kagem seliranipun piyambak, setunggal rakaat kagem ibunipun), lan solat isya dipun khususaken kagem umat punika (umat Nabi Muhammad SAW).

Lan wonten ingkang ngendikaaken, bilih solat dzuhur punika kagem Nabi Daud, solat maghrib kagem Nabi Ya'qub, solat isa kagem Nabi Yunus (wonten ingkang ngendikaaken kagem Nabi Musa). Pendapat ingkang paling sokhah bilih solat isya punika kalebet saking kekhususan kita (umat Muhammad), kados qoul ingkang dipun nuqil dening Imam Syibromalisi saking Ibnu Qosim.

Solat Fardu 'ain sebab nadzar inggih punika solat nawafil ingkang pun wajibaken dening tiyang mukallaf dateng seliranipun piyambak mawi nadzar. Sebab nadzar, solat nawafil punika lumampah kados lumampahipun solat wajib syar'i ingdalem kawigatosanipun, kados wajibipun ngelampahi mboten mawi kemirahan kados qosor lan jama'.

Solat Fardu Kifayah inggih punika solat jinazah.

Lan ingkang dipun maksud **Solat Sunah** inggih punika punika pinten-pinten solat nawafil ingkang bade dateng penjelasanipun mangke.

(إنما تجب المكتوبة) أي الصلوات الخمس (على مسلم) ولو فيما مضى، ذكر أو غيره، فلا تجب على كافر أصلي وجوب مطالبة بها منا في الدنيا لعدم صحتها منه، لكن تجب عليه وجوب معاقبة عليها في الآخرة لتمكته من فعلها بالإسلام، ولا قضاء عليه إذا أسلم، فإذا أسلم أثيب على ما فعله من القرب التي لا تحتاج إلى نية: كصدقة، وصلة، وعتق. وتجب على المرتد فيقضيتها إذا أسلم حتى زمن الجنون في الردة تخليطاً عليه ولأنه التزمها بالإسلام فلا تسقط عنه بالجحود كحق الأدمي بخلاف زمن الحيض والنفاس فيها فلا تقضى في ذلك (مكلف) أي بالغ عاقل سليم الحواس بلغته الدعوة فلا تجب على صبي ولا على مجنون لم يتعد بسبب جنونه كمن وثب وثبة لم يرد بها زوال عقله، ولا على سكران بغير مؤثم لعدم تكليفهم؛ لقوله ﷺ: «رفع القلم عن ثلاث: عن النائم حتى يستيقظ، وعن الصبي حتى يكبر - بفتح الباء - وعن المجنون حتى يعقل أو يفيق». رواه ابن ماجه والحاكم. ومن نشأ بشاهق جبل ولم تبلغه دعوة الإسلام غير مكلف بشيء، وكذا من خلق أعمى أصم فإنه غير مكلف بشيء إذ لا طريق له إلى العلم بذلك ولو كان ناطقاً، لأن النطق بمجرد لا يكون طريقاً لمعرفة الأحكام الشرعية، بخلاف من طرأ عليه ذلك بعد المعرفة فإنه مكلف، ولو أسلم من لم تبلغه الدعوة وجب عليه القضاء لأنه منزل منزلة مسلم نشأ بعيداً عن العلماء، بخلاف من خلق أعمى أصم فإنه إن زال مانعه لا قضاء عليه لأنه ليس فيه أهلية الخطاب (طاهر) من الحيض والنفاس، فلا تجب على حائض ونفساء لعدم صحتها منهما، فمن توفرت فيه هذه الشروط وجبت عليه الصلاة إجماعاً.

Anging pesthine wajib ngelampahi sholat maktubah ingkang gangsal tumrapipun:

- **Tiang ingkang beragama Islam (Muslim)** – senajan wonten zaman ingkang sampun keliwat – tiang jaler utawi sanesipun. Maka mboten wajib solat tumrap tiang kafir asli kanthi *wajib tuntutan ngelampahi solat* saking kita (umat Islam) ing dalem dunya, keranten mboten sahipun solat saking tiang kafir. Ananging wajib solat tumrap tiang kafir kanthi *wajib tatrapan keranten ninggal solat wonten ing akhirat*, keranten kongangipun ngelampahi solat sebab mlebet agami islam lan mboten wajib qodlo nalika mlebet agama islam.

Nalika tiang kafir mlebet Islam mangka piyambake dipun ganjar enggen nglampahi ibadah-ibadah ingkang mboten mbetahaken niat, kadosto sodaqoh, silaturahmi lan merdekaaken kawula.

Lan wajib solat tumrap tiang murtad, maka wajib qodlo nalikanipun mlebet agama Islam malih, sehingga wekdal edan salebetipun murtad, keranten kangge mberata ken dateng tiang ingkan murtad kala wahu, lan keranten piyambakipun nampi katetepan solat sebab mlebet agama Islam, maka solat mboten gugur saking piyambakipun sebab angas, kados hak adam. Beda kaliyan wekdalipun haidl lan nifas salebetipun murtad, maka mboten wajib ngodoni solat.

- **Inggang mukallaf**, tegesipun tiang ingkang dewasa, ingkang gadah akal, ingkang slamet inderanipun, ingkang kedugenan ajakan (dakwah).

Maka mboten wajib solat tumrap lare alit, tiang edan ingkang mboten njarag-njarag nglampahi sebabipun edan, kados tiang ingkang mlumpat kanthi sanget ingkang mboten ngajengaken icalipun akal, lan mboten wajib solat tumrap tiang ingkang mabuk kelawan mboten ngelampahi dosa, keranten mboten wontenipun peper dén/tuntutan tumrap tiang-tiang kasebat. Lan keranten ningali sabda dalem Kanjeng Nabi Muhammad SAW: Diangkat pena saking wong telu, saking wong turu sahingga tangi, saking lare sahingga tumeka gede¹, lan saking wong edan sehingga nduwe akal utawa waras. Hadits riwayat Ibnu Majah lan Hakim.

¹ Lafadz يكثر wonten hadits kewahos mawi kafathahipun huruf ba'.

Tiang ingkang gesang wonten sanginggilipun redi (gunung) lan mboten kadugenan dakwah, punika mboten dipun perdi-perdi supados ngelampahi perkawis syar'iyah (mboten kalebet tiang mukallaf). Semanten ugi tiyang ingkang dipun titahaken (dening Gusti Allah) kanthi wuta lan tuli, sayektosipun tiang ingkang mekaten punika mboten dipun perdi-perdi kapurih ngelampahi perkawis syar'iyah (mboten kalebet tiang mukallaf), keranten mboten wonten dedalan kangge mangertosi perkawis punika senadyan piyambakipun saged ngucap, keranten namung saged ngucap kemawon mboten saged dados merginipun mangertosi hukum syari'at. Beda kaliyan tiyang ingkang kedadengan sifat tuli lan wuta sasampunipun mangertosi (hukum syari'at), maka piyambakipun dipun perdi-perdi ngelampahi syariat (kalebet tiang mukallaf).

Saumpami mlebet agami Islam tiang ingkang mboten kadugenan dakwah, maka wajib tumrap tiang kasebat ngelampahi qodlo (solat), amargi tiyang kasebat kedudukanipun sami kaliyan tiang ingkang gesang tebih saking para Ulama, beda kaliyan tiang ingkang dipun titahaken kanthi wuta lan tuli, menawi ical wuta lan tulnipun ingkang dados mani' (penghalang), mangka mboten wajib qodlo tumrap piyambakipun, amargi mboten wontenipun sifat ahliyatul khitob (ahli nampi dawuh).

- **Inkang suci** saking haid lan nifas. Maka mboten wajib solat tiang estri ingkang saweg haid lan nifas, keranten mboten sahipun solat saking tiang estri kekalih punika.

Sasintena tiang ingkang sampun sampurna syarat2 punika, maka wajib ngelampahi solat tumrap piyambakipun miderek ijma' (kesepakatan)ipun para Ulama.

Ma'khodz : Kitab "Nihayatuz Zien"

Muallif : Syaikh Imam Nawawi Banten.

Mutarjim : Syamsul Qodri el-Falaky.